

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Guguritan dina kasusastraan Sunda téh mangrupa salah sahiji wangun puisi dangding nu kaasup langgeng ayana, medal bihari tur hirup tepi ka kiwari (Étti Rs dina Hendrayana, 2014, kc. vi). Upama ditilik tina peran atawa pancénna, puisi dangding mah aya onjoyna tibatan wangun puisi séjénna: salian ti mangrupa seni sastra, dangding mah kaasup ogé kana seni swara atawa vokal. Ku kituna, medar dangding mah henteu cukup maké parabot seni swara, paling copél sakumaha nu ceuk Kang Enip téa diukur ku pola pupuh, boh rumpakana boh laguna (Étti Rs dina Hendrayana, 2014, kc. vi).

Guguritan mangrupa wangun ugeran dina wangun pupuh. Saluyu jeung pamadegan Iskandarwassid (1996, kc. 45) anu nétélakeun yén guguritan téh nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Ku lantaran teu panjang téa, biasana mah ukur dina hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratif). Eusi guguritan nurutkeun Yus Rusyana dina Koswara (2013, kc. 74 & 75) téh umumna ngébréhkeun soal kanyaah antarmanusa, kalakuan manusa, pakasaban hirup, kabudayaan, atikan jeung pangajaran, peristiwa jeung kaéndahan alam. Dina nepikeunna, guguritan sok dihaleuangkeun.

Guguritan kaasup kana karya sastra buhun dina wangun puisi. Ari puisi kaasup kana tilu wangun sastra, dua wangun sastra séjénna nyaéta (1) prosa (dongéng, carita pantun, skétsa, carpon, jeung novél) jeung (3) drama (Koswara, 2013, kc. 6).

Sastra mangrupa hasil karya manusa anu diébréhkeun ku tulisan kalayan ngagunakeun basa minangka médiana sarta dijerona miboga unsur éstétika. Ku kituna, dina ngébréhkeun eusi haté jeung pikiran, teu sagawayah ngagunakeun kekecapan, tangtu waé sok dimamanis ku basa anu éndah. Hal éta saluyu jeung pamadegan Rosidi (2009, kc. 28) anu nétélakeun yén sastra téh nyaéta hiji cabang kasenian anu ngagunakeun basa minangka médiana. Jadi, sastra téh aya patalina jeung kréativitas manusa, nyaéta hasil kréativitas éstétis manusa nu gumelar dina

basa. Koswara (2013, kc. 7) nétélakeun yén sastra téh mangrupa salah sahiji bagian seni. Eagleton dina Koswara (2013, kc. 4) nyebutkeun yén sastra téh tulisan imajinatif dina harti fiksi tulisan anu henteu ngandung bebeneran sacara harfiah. Hakékatna mah sastra téh fiksionalitas anu nandeskeun soal kaartistikanana. Di satukangeun kafiksian jeung kaartistikanana téh ngajengleung ajén-ajén kajujuran jeung bebeneran. Nu dimaksud kajujuran dina sastra nyaéta soal kadarian mikir geusan ngaluarkeun hiji konsep, sedeng nu dimaksud bebeneran dina sastra, nyaéta *pencerminan* atawa *pembayangan* kahirupan atawa peristiwa kahirupan nu aya, lain perkara tina hasil lamunan atawa hayalan wungkul. Dina karyana, pangarang ngébréhkeun eusi pikiran jeung eusi haténa ngaliwatan kekecapan anu éndah anu sok disebut gaya basa.

Sudaryat (2010, kc. 123) nétélakeun yén gaya basa nyaéta rakitan basa (kalimah) anu dipaké sangkan bisa nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka nu maca atawa nu ngadéngékeun, ku jalan ngabandingkeun hiji barang jeung barang séjénna. Gaya basa nyaéta cara ngébréhkeun pikiran ngaliwatan basa sacara khas anu némbongkeun jiwa jeung kapribadian nu nulis Keraf (2010, kc. 113). Anapon dina ieu panalungtikan ditalungtik ngeunaan gaya basa retoris anu kaasup kana bagian gaya basa dumasar kana langsung henteuna ma'na nu dikandung. Gaya basa rétoris nyaéta *penyimpangan* jeung kontruksi biasa pikeun ngahontal éfék nu tangtu (Keraf, 2010, kc. 129).

Ulikan dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana umumna nyodorkeun téma cinta, tapi aya sababaraha judul anu témamana ngeunaan hirup manusa, alam, jeung sajarah. Pangarang dina nulis guguritan henteu sagawayah nulis kekecapan. Tangtu waé sok diuwuhan ku gaya basa pangarangna.

Dumasar pertélaan di luhur nu jadi kasang tukang dipakéna kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* jadi objék panalungtikan téh lantaran eusi guguritanna miboga hal nu matak ngirut nyaéta pasualan téma anu diangkat ku Dian Hendrayana. Téma nu aya dina éta buku nyaéta pasualan kaéndahan alam, Dian kacida parigelna dina nyusun kekecapan tepi ka gembeleng jadi guguritan. Dina karya-karyana, Dian ngajak pamaca asup kana alam nu lamun téa mah diilikan dina jaman kiwari geus hampir lapur. Di sagigireun ti éta, nu maluruh atawa

nalungtik gaya basa dina karya sastra wangun puisi salah sahijina guguritan masih kawilang langka. Padahal bisa disebutkeun yén gaya basa téh mangrupa kabeungharan basa nu pinuh ma'na nu nyamuni. Ieu hal luyu jeung pamadegan Yanthi, spk (2014, kc. 2) anu nétélakeun yén gaya basa téh penting lantaran gaya basa téh kurang dipikawanoh sacara leuwih jero saperti gaya basa rétoris jeung kiasan. Gaya basa nu nyampak dina guguritan ogé miboga ajén. Hal ieu bisa nambahan pangaweruh, patali jeung basa katut sastra.

Lian ti mangrupa tarékah nalungtik gaya basa pikeun ngajembaran pangaweruh dina jihat basa jeung sastra, ieu panalungtikan ogé bisa dimangpaatkeun pikeun kapentingan séjén. Contona waé pikeun matéri bahan pangajaran di sakola, hususna di SMP (ngeunaan guguritan). Luyu jeung KIKD taun 2013, perkara guguritan anu digambarkeun dina KD3 jeung KD4 nu eusina meredih tarékah ti guru sangkan siswa bisa maham, ngidentifikasi, nganalisis, méré sawangan, sarta ngaéksprésikeun guguritan luyu jeung kaédah-kaédahna.

Panalungtikan ngeunaan gaya basa geus kungsi aya nu nalungtik, di antarana waé nyaéta anu judulna “Gaya Basa dina Novél *Puputon* Karya Aam Amalia, ieu skripsi ditulis ku Widya Nur Fajrin (2009). Panalungtikan séjén kungsi dilaksanakeun ku mahasiswa UPI anu judulna “Gaya Basa dina Kumpulan Carpon *Rusiah Kaopatwelas* Karangan Darpan Ariawinangun (Pikeun Bahan Pangajaran di SMA)”, skripsi nu ditulis ku Rostika Srihilmawati (2016). Panalungtikan séjén kungsi dilaksanakeun ku mahasiswa UPI anu judulna “Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Ulikan Stilistika jeung Semantik) ditulis ku Novi Nurul Khotimah taun 2016. Panalungtikan di luhur sarua ngulik gaya basa dumasar kana ulikan stilistika jeung semantik. Bébédaanna aya dina objék panalungtikan nu digunakeun, nyaéta objék panalungtikan di luhur saperti: novél *Puputon* karya Aam Amalia, kumpulan carpon *Rusiah Kaopatwelas* karya Darpan Ariawinangun, sarta babasan jeung paribasa sunda, sedengkeun objék panalungtikan anu dilaksanakeun nyaéta kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén panalungtikan ngeunaan gaya basa rétoris dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana can kungsi aya nu nalungtik.

Luyu jeung pedaran di luhur, ieu panalungtikan nalungtik guguritan dumasar kana gaya basa. Gaya basa anu kapaluruh dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi*, dipasing-pasing dumasar kana tiori Keraf anu patali jeung gaya basa hususna gaya basa rétoris. Nyoko kana buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana, ieu panalungtikan gaya basa téh dijudulan “Gaya Basa Rétoris dina Kumpulan Guguritan Lagu Ngajadi Karya Dian Hendrayana (pikeun Bahan Pangajaran di SMP)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu ditétélakeun di luhur, satuluyna baris aya rumusan masalah. Anapon ieu di handap dirumuskeun masalah nu ditalungtik.

- 1) Naon waé gaya basa rétoris anu nyampak dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana?
- 2) Kumaha wanda gaya basa rétoris anu nyampak dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana?
- 3) Kumaha maksud anu dikandung ku unggal gaya basa rétoris dina guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana?
- 4) Kumaha larapna pikeun bahan pangajaran aprésiasi guguritan di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah anu geus dipedar, ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun gaya basa rétoris dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) gaya basa rétoris anu nyampak dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana;
- 2) wanda gaya basa rétoris anu nyampak dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana;

- 3) maksud anu dikandung ku gaya basa rétoris dina unggal guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana; jeung
- 4) larapna gaya basa rétoris dina guguritan pikeun bahan pangajaran aprésiasi guguritan di SMP.

1.4 Mangpaat panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan gaya basa anu nyampak dina karya sastra hususna karya sastra wangun puisi salah sahijina guguritan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, jeung umum bisa nambahan pangaweruh ngeunaan gaya basa, ogé nambahan pangaweruh anu patali jeung ma'na tina unggal guguritan;
- 2) pikeun balaréa/pamaca, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan gaya basa anu digunakeun dina guguritan;
- 3) pikeun guru, bisa nambahan élmu pangaweruh pikeun dijadikeun bahan pangajaran; jeung
- 4) Pikeun murid, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan gaya basa.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, diébréhkeun sawatara wangenan istilah anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

- 1) Gaya basa rétoris mangrupa konstruksi biasa pikeun ngahontal éfék nu tangtu;
- 2) guguritan mangrupa wangun karya sastra pondok anu diwangun dina hiji wanda pupuh;
- 3) *Lagu Ngajadi* mangrupa buku kumpulan guguritan karya Dian Hendrayana anu jadi objék dina ieu panalungtikan;
- 4) bahan pangajaran nyaéta bahan nu ngarojong pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

1.6 Rangkay tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, bab I Bubuka, anu eusina ngébréhkeun kasang tukang panulis dina panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tulisan boh éta mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis, wangenan operasional, jeung rangkay tulisan dina ieu skripsi.

Bab II nyaéta Tatapakan Tiori, anu eusina ngébréhkeun gaya basa retorik jeung pangajaran basa. Dina tiori gaya basa kabagi jadi tilu, kahiji wangenan gaya basa, kadua dasar ulikan gaya basa (ngawengku stilistik jeung semantik), nu katilu nyaéta wanda gaya basa retorik.

Bab III Métoeu Panalungtikan, anu eusina ngébréhkeun desain panalungtikan, sumber data, cara ngumpulkeun data, instrumén jeung téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina ngadéskripsikeun hasil jeung pedaran panalungtikan. Dina ieu hal, gaya basa retorik anu kapaluruh tina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* anu dianalis. Dina bab ieu ogé dipedar gaya basa retorik dina kumpulan guguritan Lagu Ngajadi karya Dian Hendrayana (pikeun bahan pangajaran guguritan di SMP).

Bab V nyaéta Panutup, anu eusina ngébréhkeun kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta méré saran/rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.